



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, BUFFALO BILLS AK KONTE ERIE ANONSE NOUVO PWOJÈ
ESTAD FOUTBÒL BUFFALO BILLS ATENN GWO ETAP AK KÒMANSMAN
KONSTRKSYON ESTIKTI AN ASYE A**

*Gouvènè a ak plizyè santèn travayè sendika lokal yo siyen yon pout an asye ki
pral enstale nan nouvo estad modèn lan*

Konstriksiyon yon etablisman 60,000 plas sou wout pou fini an 2026

Reprezantasyon grafik pwojè a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn pwopriyetè Buffalo Bills la Terry Pegula, Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz ak lòt ofisyèl lokal yo jodi a pou anonse ke estrikti asye a pral kòmanse monte sou nouvo estad modèn Buffalo Bills la epi selebre plis pase 800 travayè ki te kontribye nan etap enpòtan sa a. Nouvo etablisman 60,000 plas la, ki te fèt pa Bills ansanm avèk Legends ak konpayi achitekti Populous la, pare pou travay estrikti an asye a gwo echèl ki pi vizib la. Premye pout an asye yo mete an plas la pral siyifi pwogrè enpresyonan k ap fèt sou sit nouvo Highmark Stadium lan nan Orchard Park.

"Pi gwo etap enpòtan konstriksiyon sa a se yon temwayaj pou travayè sendika a ak travayè lokal yo ki te rann pwojè sa a posib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè li kreye plizyè milye travay, estad sa a deja pwouve li se yon motè pou devlopman ekonomik rejyonal. Mwen fyè de tout sa ki te akonpli epi mwen kontan anpil pou m temwen pwogrè alavni pandan n ap pwoche pi pre jounen ouvèti a an 2026."

Josh Dziurlikowski, Prezidan Direktè Jeneral/Vis Prezidan Prensipal, Pwovizwa Bills la nan Finans & Administrasyon Biznis, deklare "Pandan travayè yo mete an plas premye estrikti an asye nan nouvo Highmark Stadium lan nan Orchard Park, nou vle rekonèt anpil travayè devwe ki te jwe yon wòl enstrimantal san danje nan premye faz pwojè a ak moun ki pral travay nan pwojè a pi devan pandan n ap tann ak enpasyans premye match nou an nan nouvo estad la an 2026. Franchiz Buffalo Bills la rekonesan pou lidèchip solid ak angajman Gouvènè Hochul ak ekip li a fè pandan tout pwojè konstriksiyon sa a. Patenarya piblik-prive nou an ant Eta New York, Konte Erie, ki te dirije pa Egzekitif Konte Mark Poloncarz, ak Lig Nasyonal Foutbòl la pral kontinye yon motè ekonomik nan tout rejyon an ak Eta New York. Rekonesans jodi a nan mendèv

endispanab nou an se yon lòt rapèl sou travay di anpil moun nan bati yon estad ki pral yon gwo sous fyète pou fanatik Bills yo toupatou."

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, "Jodi a, n ap kòmanse yon nouvo chapit nan konstriksyon estad sa a, yon chapit ki pral wè estad la pran fòm epi atenn syèl la gras ak fòs ak swe mendèv lokal la. Byenke anpil bagay te deja rive sou sit la pou prepare jodi a, depi isit la rezidan Konte Erie ak manm Bills Nation atravè lemond yo pral kapab wè prèv reyèl ak tanjib ki montre nouvo kay Bills yo ap konstriksyon ak bati nan direksyon pou sezon ouvèti a an 2026. Se yon moman enteresan epi mwen remèsye patnè nou yo nan Eta New York ak Bills dèske yo ede gide sa a pou pi devan, ak gason ak fanm k ap travay pou fè li reyalize."

Eta enpòtan jodi a make finisman eskavasyon sèt mwa apre yo te demare an jen 2023. Se te yon travay enpòtan, ak kamyon ki retire plis pase 500,000 yad kib wòch ak tè; ak ouvriye yo te konstwi yon miray palplanch epi yo vide plis pase 18,000 yad kib beton pou kreye fondasyon an.

Moun k ap pase sou sit konstriksyon Orchard Park la pral kòmanse wè bilding lan pran fòm anlè nivo tè a, ak enstalasyon apeprè 25,000 tòn asye, sa ki ase pou konstwi apeprè twa Tou Efèl (Tower Eiffel). Yo pral itilize plizyè trepye masiv pou konstwi sipèstrikti an asye a. Yo pral monte asye an plizyè nivo pandan 12-14 mwa kap vini yo.

Evènman apresyasyon travayè jodi a make kòmansman konstriksyon asye a epi li enkli siyati yon pout an asye ki mezire 20 pye pa Gouvènè Hochul ak plizyè santèn travayè ki te fini premye faz konstriksyon an san danje. Yo pral itilize pout la nan estrikti estad la.

Lè fondasyon an asye a an plas pou nouvo estad 1.35 milyon pye kare a, yo pral kouvri bilding lan, yo pral enstale mekanik, plonbri ak elektrisite, epi chak seksyon estad la pral konstwi. Kantite travayè nan travay la ap grandi pou li vin plis pase 1,500 chak jou soti nan 300 moun jodi a pandan travay la ap pwogrese. Pandan tout pwojè a, yo mete priyorite sou travay travayè lokal yo ak biznis yo. Nan etap sa a nan pwojè a, plis pase 95 pousan travayè nan pwojè a se travayè lokal.

Direktè Pwogram Gilbane-Turner Joe Byrne, te deklare, "Kolektivman, plis pase 800 moun te travay 138,000 èdtan pou reyalize etap enpòtan pwojè sa a. Vwazen ak zanmi pa yo nan kominote a pral kounye a kapab wè estad la pran fòm yon fason vizib pandan de ane k ap vini yo. Nou tout espere selebre plis etap enpòtan nan pwojè a, jou ouvèti a, epi patisipe nan jwèt ak evènman enteresan pandan plizyè deseni nan estad klas mondyal sa a."

Estad la make youn nan pi gwo pwojè devlopman ekonomik nan istwa lwès New York ak yon enpak ekonomik anyèl ki estime a 385 milyon dola ak kreyasyon 10,000 djòb nan konstriksyon sendika, an akò ak yon Akò Pwojè Travay (Project Labor Agreement, PLA) ke Konsèy Metye Konstriksyon Buffalo a te dakò. Franchiz Buffalo Bills se yon motè ekonomik ki pwouve pou rejyon Buffalo ak eta a kòm fanatik ak espektatè ki soti toupatou nan New York, Etazini, ak Kanada patrone biznis lokal yo. Bills jenere kounye

a 27 milyon dola chak ane nan enpo dirèk sou revni, vant ak itilizasyon taks pou Eta New York, Konte Erie ak Buffalo.

Nouvo estad anplennè a pral konstwi anfas Highmark Stadium ki egziste a, ki te konstwi an 1973, e ki gen ladan l plizyè gwo amelyorasyon sou etablisman estad ki egziste deja a. Li pral ajoute karakteristik pou diminye move tan, ki gen ladan gwo chofaj radyan ak yon vout ki kouvri 65 pousan nan syèj yo, pou bay pwoteksyon kont move tan. Eksteryèr estad la pral gen ladan tou sit rasanbleman amelyore pou fanatik yo, espektatè yo, ak manm kominote ki antoure a kapab itilize.

An 2022, Gouvènè Hochul te anonse akò istorik sou estad piblik-prive a, ki gen ladan yon investisman 600 milyon dola Eta New York ki pral rekipere atravè taks ak aktivite ekonomik ekip la jenere. Dapre akò a, Konte Erie pral kontribye 250 milyon dola, epi Bills ak NFL pral investi pa mwens pase \$690 milyon dola pou konstriksyon estad la.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Fanatik Buffalo Bills yo pral wè stad rèv yo monte, yon pout an asye alafwa. Gras a lidèchip san parèy Gouvènè Hochul ak travay plizyè milye travayè sendika ki fyè ak devwe, konstriksyon kad asye pou estad istorik la ap kòmanse. Nou tout pa katann pou jwi yon nouvo eksperyans fanatik enteresan lè premye jwèt la pral jwe an 2026."

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Jodi a make pwogrè - pou estad dènye modèl sa a, pou enpak ekonomik li pral jenere atravè rejyon nou an, epi asireman, pou ekip nou reyini pou chofe a chak dimanch. Nou rekonesan anvè anpil travayè ke travay di yo mennen nou nan moman sa a, epi nou pa ka tann pou nou kontinye etap enpòtan yo pandan pwojè sa a ap kontinye."

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "Sa a se yon etap enpòtan ki enteresan nan youn nan pi gwo pwojè konstriksyon nan istwa Lwès New York. Ak estrikti an asye k ap enstale, pwochen faz pwojè a pral pote plizyè milye bon travay konstriksyon nan rejyon nou an. Mèsi a plizyè santèn travayè ki deja travay di chak jou pou fè nouvo estad la vin yon reyalite. Ale Bills!"

Senatè Eta a Patrick M. Gallivan te deklare, "Felisitasyon pou tout moun ki patisipe nan atenn etap enpòtan sa a nan konstriksyon nouvo estad Bills la. Anplis plizyè milye travay pwojè sa a kreye ak enpak pozitif sou ekonomi Lwès New York la, nouvo estad la pral yon sous gwo fyète pou Bills yo, fanatik yo ak tout kominote a. Mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè a pran fòm epi mwen pa ka tann lansman li an 2026."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Kòm youn nan pi gwo ak pi chè pwojè yo te antreprann nan istwa WNY la, mwen rekonesan anvè kontraktè yo ak travayè òganize yo ki te deja travay sou plas ansanm ak moun ki te prevwa yo. Avèk enstalasyon premye pout an asye sa a, Bills Mafia pa ka tann pou wè pwogrè konstriksyon an nan yon fason reyèl jiskaske nou kapab patisipe nan

eksperyans fanatik modèn lan. Okenn nan sa pa t ap posib san lidèchip Gouvènè Hochul ak patenarya Eta New York, Konte Erie, NFL ak Buffalo Bills. Felisitasyon!"

Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare, "Travay estrikti an asye y ap mete an plas kounye a nan nouvo estad la reprezante plis pase enfrastrikti fondasyon ki nesese pou konstwi pwojè a, li reprezante lwayote etènèl fanatik Bills pase yo, prezan ak fiti ki pral gade etablisman an epi sonje ki jan kominote an fòtman ini. Plizyè santèn travayè devwe sou plas yo te fè yon travay formidab pou atenn etap enpòtan sa a, epi mwen konnen konbyen kominote pa ka tann pou wè ki jan efò yo ap fasone pandan n ap konte pou premye lanse nan nouvo estad klas mondyal nou an an 2026."

Monica Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare, "Fantastik Bills yo toupatou kontan wè pwogrè nan nouvo estad modèn nou an. Non sèlman pwojè sa a pral amelyore eksperyans jou jwèt la ak enstalasyon modèn ak ekipman, li ap sipòte tou plizyè milye travay konstriksyon sendika yo ak jenere plizyè milya dola nan enpak ekonomik an jeneral. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan priorize finansman pou estad klas mondyal sa a nan bidjè 2023 epi mwen pa ka tann li fini li."

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Sa a se yon etap ki vrèman enpòtan nan konstriksyon nouvo estad Buffalo Bills la pandan estrikti a ap kòmanse sou plan vètikal. Se yon selebrasyon angajman Gouvènè Hochul ak Eta New York pou kenbe Bill yo nan Buffalo epi ouvri yon nouvo kay pou ekip la ki gen fanatik ki pi pasyone nan Lig Foutbòl Nasyonal (National Football League, NFL) la. N ap sonje enpòtans travayè sendika yo paske sa a, pi gwo pwojè konstriksyon nan Lwès New York, ki deja kreye epi yo pral kontinye kreye plizyè milye travay. Nou rekonesan pou travay di tout moun, espesyalman lidè Bills yo, Eta a, ak Konte Erie, pandan konstriksyon an ap avanse. Mwen konnen kòlèg WNY mwen yo ansanm ak fanatik Bills devwe mwen yo toupatou rejwenn mwen pandan nou pa ka tann pou kòmanse sezon inogirasyon nouvo estad la an 2026."

Manm Asanble Bill Conrad te deklare, "Sa a se yon etap enpòtan ki pote fyè pou Buffalo, Bills, ak fanatik san parèy yo - men espesyalman pou travayè sendika majistral ki te fè li vin yon reyalite. Vrèmanvre, pwojè sa a reprezante angajman nou anvan komèsan ak komèsant kalifye ki ap viv ak travay isit la, pou konstwi avni kominote nou an. Estad la pral yon temwayaj dirab pou talan yo."

Prezidan Kòporasyon Estad Konte Erie, Robert Duffy, te deklare, "An kolaborasyon ak Gouvènè Hochul ak ofisyèl lokal yo, n ap temwanyè reyalizasyon yon vizyon monimantal pou Rejyon Nò Eta New York. Kòmanse konstriksyon estrikti an asye a make yon moman esansyèl non sèlman pou franchiz Buffalo Bills men pou vitalite ekonomik tout rejyon an. Pwojè estad sa a pral gen yon gwo enpak pou jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan Konsèy Metye Batiman Buffalo a, Paul Brown, te deklare, "Estad la se yon gwo viktwa pou rejyon an epi sitou pou gason ak fanm k ap travay di nan Konsèy Metye Batiman Buffalo a fyè dèske yo fè pati ekip ki fè pwojè enteresan sa a vin yon reyalite."

Fanmi sendika nou yo pral montre ak fyète epi di pitit yo ak pitit pitit yo ke travay kalifye yo non sèlman te ede konstwi yon estad modèn, men tou te ede konstwi yon ekonomi ki pi solid pou rejyon an."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)